# PLAN: Mattapan
## Preserve. Enhance. Grow.

Fikse Objektif

23 Me 2019

**PLAN: Mattapan** se yon inisyativ planifikasyon Vil la ki chèche pou asire ke nou prezèze sajman, amelyore ekitableman, ak devlope enklizivman. Grasa prensip sa yo pou "prezève, amelyore, ak devlope," ekip planifikasyon Vil la pral travay avèk kominote a pou kreye yon vizyon konpreyansif pou zòn planifikasyon Mattapan ak gide pwochen kwasans ak envestisman.

| | |
|---|---|
| 6:15 - 6:35 | Prezantasyon |
| 6:35 – 6:55 | Kesyon & Kòmantè |
| 6:55 – 7:30 | Pòt Ouvè |

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou PLAN an: Inisyativ planifikasyon Mattapan, tanpri vizite: http://bit.ly/PlanMattapan

**Resous Vil**

Si oumenm oswa yon moun ou konnen aktyèlman ap eksperimante deplasman antanke rezidan oswa biznis, tanpri mande anplwaye yo enfòmasyon sou kontak ak resous ki annaprè yo:

**Office of Neighborhood Services | 617-635-2681 | boston.gov/departments/neighborhood-services**

ONS bay yon fowòm pou toulède gwoup yo ansanm avèk moun endividyèl pou eksprime enkyetid yo, mande sèvis, ak etann opinyon yo. Li sèvi tou pou distribye enfòmasyon ak fasilite livrezon sèvis Vil la. Li ankouraje, fasilite, ak ogmante patisipasyon rezidan yo nan tout aspè nan gouvènman.

**PWOTOKÓL ANGAJMAN ATELYE TRAVAY:**

Tout reyinyon yo ouvè pou piblik la, e BPDA dirije yo an kolaborasyon avèk lòt ajans yo nan Vil la. Tout patisipan yo dakò pou trete youn lòt avèk respè epi koute aktivman lòt moun yo. Otorize pou tande tout moun.

# PLAN: Mattapan
Preserve. Enhance. Grow.

**Boston: 311 | 311 | cityofboston.gov/311/**
311 se yon nimewo telefòn ki fasil pou sonje ki konekte w avèk reprezantan ki otman kalifye nan sant sèvis konstityan yo ki pare pou ede w avèk demann pou sèvis ak enfòmasyon nan vil la ki pa ijan.

**Boston Home Center | 617-635-4663 | bostonhomecenter.com**
Boston Home Center ede rezidan Boston yo achte, amelyore epi kenbe kay yo. Biwo a ofri tou èd finansye ak konsèy pou mèt kay ansanm ak moun kap achte kay premye fwa.

**Biwo Stabilite Lojman ak Asistans Ijans [Office of Housing Stability and Emergency Assistance (OHS)] | 617-635-4200 | boston.gov/housing/office-housing-stability**
OHS ede rezidan yo jwenn epi kenbe lojman ki estab, ansekirite ak a bon mache grasa misyon l pou ankouraje prezève lojman ak stabilizasyon.

**Biwo pou Devlopman Travay [Office of Workforce Development (OWD)] | 617-918-5248 | owd.boston.gov**
OWD chèche pou ankouraje endepandans ekonomik pou asire patisipasyon konplè rezidan Boston yo, nan tout laj, tout orijin, nan vitalite ekonomik vil la ak nan lavni.

**Biwo Devlopman Ti Biznis [Office of Small Business Development] | 617-635-0355 | boston.gov/departments/small-business-development**
Biwo Devlopman Ti Biznis [Office of Small Business Development] bay pwopriyetè ti biznis ak antreprenè zouti ak gid pou kòmanse avèk siksè, grandi, ak devlope yon biznis nan Boston.

**Biwo pou Avansman Imigran [Office of Immigrant Advancement] | 617-635-2980 | boston.gov/departments/immigrant-advancement**
Biwo pou Avansman Imigran ap ranfòse kapasite imigran yo ak kominote lengwistik ak kiltirèl divèsifye Boston pou patisipe plènman nan lavi kiltirèl, ekonomik, sivik ak sosyal gwo Vil nou an.

**Biwo pou Sèvis Rekiperasyon [Office of Recovery Services] | 617-635-4500 | boston.gov/departments/recovery-services**
Biwo pou Sèvis Rekiperasyon [Office of Recovery Services] santre sou abi sibstans ak pwoblèm adiksyon nan Boston. Yo travay pou bay plis moun aksè a sipò yo bezwen.

**PWOTOKÓL ANGAJMAN ATELYE TRAVAY:**

Tout reyinyon yo ouvè pou piblik la, e BPDA dirije yo an kolaborasyon avèk lòt ajans yo nan Vil la. Tout patisipan yo dakò pou trete youn lòt avèk respè epi koute aktivman lòt moun yo. Otorize pou tande tout moun.